## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу Iаламийн Да волчу АллахIна. АллахIера салам-маршалла хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Комаьршачу АллахIа боккха къинхетам бина вайх, вай бусалба кхолларца.

Бусалба стеган коьртачу билгалонех цхьа билгало – иза ламаз деш хилар ю. Мел халонаш ларх, вайнаха ламаз ца дитина. Юьртарчу молле кехаташ тIе Бисмилла, Этхьиг яздойтуш, и кехаташ хIайкал санна лардеш Iамийна вайна дайша, наноша ламаз. Тахана, Делан къинхетамца, ламаз Iамо, хьеха аьтто бу вайн махкахь. Цундела оцу дезчу Iибадатна вайн тIедерзар Iилманан тIегIанна тIедаккха дезаш ду, хIунда аьлча ламаз ишта дан деза, я хьан ламаз нийса дац бохурш бовлу вайна юкъахь. Амма шеко йоцуш дерг ду, хIора бусалба стага шен динан орамаш бовзарехь, Iаморехь къахьега дезаш хилар.

ШафиIин мазхIабехь ламаз эцаран, ламаз даран баххаш буьйцуш, ламазехь вай лардала дезарг хьахош, вовшахтоьхна ду хIара жайна. Жайна хIоттош ирс эцна (тIетевжина) МустIофа Аль-Хин, МустIофа Аль-БугIа бохуш волчу шина Iеламстага яздинчу «Аль-ФикъхI Аль-МанхIажи», шайх Юсуф бин Махьмуд-Хьаж Ахьмада яздинчу «ШафиIин мазхIабехь ламаз дар» цIерш йолчу жайнех. ХIокху жайнах ишколашкарчу дешархоша, церан хьехархоша, ишта шен ламаз мелла нийса дан Iама луучо пайдаэцаре догдоху оха. Цхьайтта шарахь дешна, дахаран новкъа волуш волу жима стаг (йоI) шен динан корта – ламаз – нийса дан Iамош хIокху жайно гIо динехь, тхешан Iалашо кхочушхилла аьлла хетар ду тхуна.

Ламаз уггар деза Iибадат ду бусалба динехь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Массо хIуманан корта Ислам-дин ду, цуьнан гIортор – ламаз ду».** *Тирмизи.*

Дала уггар хьалха тIедиллина Iибадат ду ламаз. Веза-Сийлахьчу АллахIа Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхI стигалел лакха ваьккхина, Шена герга а вина, омра дина цуьнга, ламаз де, аьлла. Ламазна тIера долалур ду адаман Iамалийн хьесапдар. Делан Элчано

(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Къематдийнахь адаман Іамалех хьалхa хьесап дийр дерг ламаз ду. И нийса хилахь, йисина Іамалш нийса хир ю, иза доьхна хилахь – йисина Іамалш йохна хир ю»**. *ТІабарани.*

## Ламаз иэцар

Ламаз эцарх вудуъ олу Іарбийн маттахь. Вудуъ боху дош - хІума хазъяр, къагор бохучунна тІера схьаэцна ду. Ткъа шариІатехь, вудуъ – иза Делан дуьхьа долчу ниййатца дегІан цхьайолу меженаш хица йилар (хихъяхар) ду.
Ламаз дале хьалха ламаз иэца деза, хІунда аьлча Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Ламаз карахь доцуш дина ламаз къобал хир дац».** *Муслим.*

## Ламаз эца магийна ворхІ тайпанарчу хишца:

1) догІанан хи;
2) хІордан хи;
3) лаьтта тІехула охьадогІу хи (река);
4) гІунан хи;
5) шовданан хи;
6) лайн хи;
7) шан хи.

## Ламаз эцаран фарзаш

ХІокху фарзех муьлхха цхьаъ я масех кхочуш ца дича, ламаз эцар къобал хир дац. Масала, ниййат ца деш эцна ламаз, я ши ког ца буьлуш, я, юьхь йилале, ши пхьарс билина, цул тІаьхьа юьхь йилина, эцна ламазаш къобал хир дац. ХІинца дагардийр ду вай ламаз эцаран фарзаш:

1) Ниййат дар;
2) Юьхь йилар;
3) Голашца цхьаьна ши пхьарс билар;
4) Коьрта тІе хи хьакхар;
5) Хьорканашца цхьаьна ши ког билар;
6) РогІалла ларъяр.

## Ламаз эцаран суннаташ

Ламаз эцаран суннаташ кхочушдича, мела алсам хир бу. И суннаташ далор ду вай лахахь:

1) Сивак хьакхар;
2) Къилбехьа вирзина ламаз эцар;
3) «БисмиллахIиррохьманиррохьим» алар;
4) Ши куьг дилар;
5) Ниййат дар маттаца чIагIдар;
6) Бага а, мер чу а хи кхарзар;
7) Юьхьйилар хьаьжа тIера доладар; куьйгаш, когаш дилар пIелгийн яккъаш хьакхорца доладар;
8) БIаьргаш хьакхош, юьхь йилар;
9) Хи кхачийтархьама, пIелган мухIар меттахдаккхар;
10) Аьтту меже хьалха йилар;
11) Куьйгийн пIелгаш чуьчча дахийтарца хьакхадар;
12) Меженаш, хьакхаеш, йилар;
13) Берриге коьртах хи хьакхар;
14) Лергашна чухула, тIехула хи хьакхар;
15) Когийн пIелгийн яккъаш хьакхор;
16) Массо меже кхузза йилар;
17) Маж лилха яккхар (юкъа пIелгаш хьакхарца);
18) Меженаш йиларна юкъа хан ца йолийтар.

## Ламаз эцаран кеп

1 - «БисмиллахIиррохьманиррохьим. Ас ниййат ди, ламаз эцаран суннаташ кхочушдан, Делан дуьхьа» – аьлла, ши куьг дуьлур ду (кхузза);
2 - Бага хи кхорзур ду аьтту куьйга (кхузза);
3 - Мер чу хи кхорзур ду аьтту куьйга, мара аьрру куьйга цIанбийр бу (кхузза).
Бага, мер чу цхьаьна хи кхарзар бегIийла лерина.
4 - «Ас ниййат ди, ламаз карара далар дIаайа, Делан дуьхьа» я «Ас ниййат ди, ламаз эцаран фарзаш кхочушдан, Делан дуьхьа», – аьлла, ниййат деш, юьхь юьлур ю (кхузза); Юьхь юьлуш, хьаьжа тIе, лергийн йистошка, чIенги тIе, лога тIе хи кхачийтар важиб ду. Юьхь йила хьаьжа тIера волалур ву (лакхара охьа). БIаьргийн сенаш хьакхор дика лерина ду.

5 - Голаш цхьаьна аьтту пхьарс буьлур бу, хьалха пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);
6 - Голаш цхьаьна аьрру пхьарс буьлур бу, хьалха пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);
7 - Коьртана масхьу деш, керлачу хица тIадийна ши куьг коьртах хьокхур ду (кхузза);
8 - Юха а ши куьг тIадийна, чухула (хьажо пIелгаца), тIехула (нана пIелгаца) лергаш дуьлур ду (кхузза);
9 - Хьорка а цхьаьна аьтту ког буьлур бу, пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);
10 - Хьорка а цхьаьна аьрру ког буьлур бу, пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза).

Ала догIу, ламаз эцаран рогIалла ларъян езарх. Масала, юьхь йилале коьртана масхьу деш ламаз эцахь (башхалла яц: вицвелла я хаа хууш дойла цо и), и ламаз эцар къобал хир дац. Ша йилаза йисина меже юьлуш, кхидIа эца деза цо ламаз. Ишта суннат ду, ламаз оьцуш меженаш йиларна юкъа хан ца йолийтар, юьхь юьлуш хи хьаьжал лакха кхачийтар, пхьаьрсаш, когаш хьорканел лекха билар.

Ламаз эцар тIера долу (эцнарг лору) хIокху шина хьолехь:
– ламаз эца (я хи тIерадаккха) ниййат дина, дерриг дегI хьулдеш хина буха таьIча;
– хи тIера доккхуш лийчича. Хи тIедоьжча, ламаз эцна воцуш лийчича, ламаз эцнарг лору, нагахь санна луьйчучу хенахь шен бехкечу меттигех куьг ца хьакхадалийтахь, дегIах мох, цхьа тIуно, боьхалла ара ца ялийтахь а. Амма рузбанан, Iийдан деношкахь лийчарх (суннатан лийчар) ламаз карахь хуьлуш дац, нагахь ламаз эца ниййат ца динехь.

### **Ламаз эцаран карахIаташ** (нежелательное)

- тIех сов хи дайар (хина исраф дар) дика ца лерина ламаз оьцуш;
- кхааннал сов меже йилар;
- ламаз эцалуш волуш, кхечуьнга шена гIо дайтар;
- аьрру меже хьалха йилар;
- бага, мер чу хи кхарзарехь марха долуш верг соввийлар;
- боьхачу меттехь ламаз эцар;
- юьхьах хи деттар;
- бехказло йоцуш, йилинчу меженна гата хьакхар;
- ламаз оьцуш волуш, къамел дар.

**Ламаз эцна ваьлча, хIара доIа дар суннат ду**

**АшхIаду ал-ла́ ила́хIа иллалло́хIу вахьдахIу ла́ шари́ка лахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу́ ва росу́лухIу. Алло́хIуммажIальни́ минат-тавва́би́на, важIальни́ миналь-мутатIоххIири́на** (Ас тоьшалла до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла; Ша цхьаъ ву Иза, Шеца накъост воцуш. Ас тIаккха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, Элча а ву аьлла. Везан Дела, со тоба диначарах а, цIано йиначарах а вехьа)**.**

**Ламаз карара долу хIуманаш**

Ламаз карара долу деа хIуманца:

1) бехке меттехула (хьалхахула, тIехьахула) хIума (боьхалла, хьатI, цIий, мох) араяларца;
2) Хьекъал чуьра валарца – эгIийна я хорша еана хилча, я вехха, я цамгараллица, я тевжина а волуш наб кхетарца. Амма хиъна волуш наб озаярх ламаз карара ца долу.
3) Стаг шен зудчух я кхечу арахьарчу (хийрачу) зудчух (юккъехь пардо а доцуш) хьакхаваларца. Амма стеган я зудчун мIара, месаш, церг хьакхаяларх, ламаз карара долуш дац. Дуккха нах гулбеллачохь, куьг кхеттарг стаг я зуда (муьлхарниг ду) ца хиънехь а, ламаз карара ца долу;
4) Стаг шен я кхечунан бехке меттигах куьйган кераюькъца, пIелгийн чоьхьенашца хьакхавелча а. Башхалла яц – стаг жима я воккха, дийна я велла хилар (и хIинцца дина бер делахь); цуьнан бехке меттигех хьакхавелча (хаа хууш я вицвелла), ламаз карара долуш ду. Ламаз карара дер дац, куьйган тIехула йолу агIо, пIелгийн буьхьигаш, я (куьг доцург) кхийолу дегIан меже бехкечу меттигах хьакхаяларх. Ишта, ламаз карара ца долу, хьайбанан бехкечу меттигах хьакхавелча.

**Ламаз**

Ламазах Iарбийн маттахь ***сола́т*** олу. ***Сола́т*** бохучу дешан маьIна доIадар ду. Ткъа шариIатан Iилманехь, ламаз – иза Делан дуьхьа долчу ниййатца, Алло́хIу Акбар аларца долалуш, салам даларца чекхдолуш, шатайпана бехкамаш болу дешнаш алар, меженаш меттахъхьеяр ду. Цунах солат алар бахьана – шена чохь доIанаш дукха хилар ду. Ламаз дар важиб (дича мела хир болуш, дитича къа хир долу Делан омра) ду хIора бусалба

стагана, зудчунна тIехь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Аша шайн берашка ламаз де ала, церан ворхI шо кхаьчча; церан итт шо кхаьчча, аша и ламаз бахьана долуш царна тоха, дIабуьйшучу меттехь дIаса а къастабе уьш».** *Абу Давуд.*

### Ламаз важиб хиларан бехкамаш

Ламаз важиб ду хIара бехкамаш шеца болчунна:

– **Бусалба хилар;**
Керста волчо бусалба дин тIеэцахь, дине валале хьалха шех дисина ламазаш доьккхуш дан ца деза.
**– Пхийттара валар (ялар);**
Делахь, итт шаре бевллачул тIаьхьа берашка ламаз дайта деза, ца дахь, човхийна я яйн муьшка йина.
**– Хьекъалехь** (иэсехь) **хилар;**
Хьераваьллачунна, иэсах ваьллачунна тIехь важиб дац ламаз дар. Шена гIоли хилча, дисина ламазаш доьккхуш дар дац цунна тIехь.
**– БIаьрса, хазар долуш хилар;**
БIаьрзе, къора волуш дуьнен чу ваьллачунна тIехь важиб дац ламаз дар, иза вистхуьлуш велахь а. Нагахь санна пхийттара ваьлча цуьнан бIаьрса, хазар дайнехь, ламаз дар важиб дац цунна тIехь. Ша товелча, шен дисина ламазаш доьккхуш дан ца деза цо.
**– Бусалба дин девзаш хилар;**
Динах хезна хIумма доцуш волчунна (бусалба дин кхачазчу меттехь вехачунна) важиб дац ламаз дар. Шена дин довзале хьалха дIаяханчу хенахь ца дина ламазаш доьккхуш дар а дац цунна важиб.
**– Зуда хIора баттахь догIучу цIийх, берах паргIатъяьлла,** (цIанлуш) **догIучу цIийх а цIена хилар.**
Оцу хьолехь йолчу зудчунна важиб дац ламаз дар, я цIанъеллачул тIаьхьа – и дисина ламазаш доьккхуш дар а.

### Ламаз дитаран хьукма

Лаамаза (вицвелла, набкхетта висина) ламаз дисинчунна къа дац, шен дисина ламаз доьккхуш дичхьана волуш ву иза. Амма ламаз важиб дац, аьлла, и ца деш дуьхьалваьлларг керсталли чу вужу.

## Ламаз нийса хиларан бехкамаш

Ламаз къобал хир дац, хIара бехкамаш кхочушхилча бен:

– Ламазан хан тIекхачар;
– Ламаз эцна хилар;
– ДегI, бедар, ламаз до меттиг цIена хилар;
ДегIана я бедарна тIехь боьхалла хилар ца хууш (я и дIаяккха вицвелла) дина ламаз къобал хир дац. Юхадан деза цо и ламаз. Нагахь санна боьхалла хьакхаелла меттиг билгал яцахь, ерриг бедар я дегI дила деза.
– Iаврат (хьажа хьарам йолу меттиг) дIахьулдар;
Стеган Iаврат – голашна, цIонгина юккъера меттиг ю. Зудчун Iаврат – юьхь, куьйгаш доцург, дерриге дегI ду. Дерриг Iаврат я цунах цхьа дакъа гуш дина ламаз къобал хир дац. Амма махо я кхечу бахьано Iаврат гучудаккхахь, сихха шен Iаврат дIахьулдина, ламаз кхочушдан мегар ду. Ткъа и ца хьулдеш хьелахь, ламаз духуш ду цуьнан.
– Къилбехьа (Маккарчу КаIбатехьа) верзар.

## Фарз ламазаш

ХIора бусалба стагана тIехь ду, цхьана дийнахь-буса пхи фарз ламаз дар. И хIора ламаз шен-шен хенахь деш ду.

1) Хьалхарниг – 2 ракаIатехь долу **Iуьйра** ламаз ду (шиъ Бисмилла, цхьаъ Этхьиг). Оцу ламазан хан Iуьйрана малх кхетале йолу хан ю. Iуьйра ламазехь ший а Бисмилла чIогIа доьшур ду.

2) ШолгIа ламаз – иза 4 ракаIатехь деш долу **делкъа** ламаз ду (диъ Бисмиллий, шиъ Этхьиггий).
Цуьнан хан малх делкъенга баьллачул тIаьхьа хуьлуш ю. Цунна ниййат ишта дийр ду: «Ас ниййат ди, сайн фарз диъ ракаIат делкъа ламаз Далла дан», – аьлла. Iуьйра ламаз деш санна, ши Бисмилла, Этхьиг дешна ваьлча, салам ца луш, юха а ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна лур ду салам. Ламазехь мел доьшуш дерг шена хезачу барамехь доьшур ду.

3) КхоалгIа ламаз – 4 ракаIатехь деш долу **малхбуза** ламаз ду (диъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан – малх делкъалтIаьхьенга лестина, мажбала болабелча хуьлуш ю. Малхбуза ламаз, делкъа ламаз санна, деш ду. Цаьршинна юккъехь йолу башхалла – иза ниййат дар ю. Малхбуза ламазна

нийййат ишта дийр ду: «Ас нийййат ди, сайн фарз диъ ракаӀат малхбуза ламаз Далла дан», – аьлла.

4) ДоьалгӀа ламаз – 3 ракаӀатехь деш долу **маьркӀажа** ламаз ду (кхоъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан малх чу ма-буьззи хуьлуш ю.
Цунна нийййат ишта дийр ду: «Ас нийййат ди, сайн фарз кхо ракаӀат маьркӀажа ламаз Далла дан», – аьлла. Ӏуьйра ламазехь санна, ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, хьалагӀаьттина цхьа Бисмилла дешна, рукуӀ, сужданаш дина, шолгӀа Этхьиг дешна, аьтту агӀор салам лур ду, юха аьрру агӀор салам лур ду.
ХӀокху ламазан хьалхара ши Бисмилла хозуьйтуш, юккъерчу озехь доьшур ду, ткъа дисина цхьа Бисмилла шена хезачу барамехь доьшур ду.

5) ПхоьалгӀа ламаз – 4 ракаӀатехь деш долу **пхьуьйра** ламаз ду (диъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан, малх дӀа а буьзна, цуьнан цӀелла дӀаяьллачул тӀаьхьа (герггарчу хьесапехь, цхьа сахьт ах сахьт даьлча) хуьлуш ю. ХӀара ламаз, делкъа, малхбуза ламазаш санна, деш ду.
Цунна нийййат ишта дийр ду: «Ас нийййат ди, сайн фарз диъ ракаӀат пхьуьйра ламаз Далла дан», – аьлла. Цуьнан башхалла – хьалхара ши Бисмилла, маьркӀажа, Ӏуьйра ламазашкахь санна, чӀогӀа доьшур ду, ткъа дисина ши Бисмилла шена хезачу барамехь доьшур ду.

## Ламаз даран кеп

### 1. Ламазан арканаш (бӀогӀамаш)

Рукна (дукхаллин терахьехь – арканаш) хӀума латтаран бӀогӀам, хӀуманна тӀетовжар, гӀортор бохург ду (Ӏарбийн маттера гочдича). Рукна кхочуш ца хилча, Ӏибадат къобал ца хуьлу. Ламазан кхойтта рукна ю:

**1. Нийййат дар;**
Нийййат дагахь дийр ду, маттаца алар суннат а ду.

**2. Ламаз дехкаран Алло́хӀу Акбар** (такби́ратуль-ихьра́м)**;**
Алло́хӀу Акбар шена хезачу (къаьстачу) озаца, массо элп доккхуш ала дезаш ду ламаз ша деш велахь, я имамана тӀаьхьа доьхкуш велахь. Ишта, ламаз доьхкуш ирахь лаьтташ хила а веза.

**3. Ламазан Бисмилла ирахь волуш дешар;**

Ирахь латталуш вацахь, хиъна Iаччохь дан мегар ду ламаз; хиъна ца Iалахь, тевжина волуш а. Адам кхетамчохь мел ду, ламазах хьалхадуьтуш дац иза.

**4. Ламазан Бисмилла** (Фатихьат) **дешар;**
Фатихьат дагахь ца хаахь, Къуръанна тIера деша мегар ду, я цхьанна тIаьхьара олуш деша мегар ду.

**Фатихьат нийса дешаран бехкамаш:**

ХIара бехкамаш (условия) кхочушбеш ца дешахь, ламазан Бисмилла къобал хир дац, цуьнца цхьаьна ламаз ца хуьлу къобал:

а) шена хезаш дешар;
б) аятийн рогIалла ца хуьйцуш дешар;
в) аяташна юкъа дукха хан (паузы) цо йолуьйтуш дешар;
г) элпаш нийса дахар, шалха элпашна тIехь терго яр;
д) аятан маьIна хуьйцуш долу гIалат ца даккхар;
е) аятан дош я элп ца хийцар;
ж) Iарбийн маттахь дешар;
з) кхоччуш (дерриге) дешар, я (ца хаахь) цуьнан метта шена хууш долу Къуръанан кхин аяташ дешар. Аяташ деша ца хаахь, Фатихьатан дохаллин барамехь Дела хьахор ву. Иза а ца далахь, Фатихьат дешна волучу ханна вист ца хуьлуш ирахь лаьттар ву.

**5. РукуIе вахар** (куьйгийн пIелгашца когийн голаш лоцуш, букъ (цIенкъица) пурхнехьа нисбеш, охьатаIар);
РукуIан бехкамаша юкъалоцу:

а) рукуIехь тем бар (пауза);
б) рукуIе вахар бен дагахь ца хилар;
в) ирахь волуш рукуIе вахар.

**6. РукуIера хьаланисвалар;**
РукуIера хьаланисваларан шен бехкамаш бу. Багарбийр бу вай уьш:

а) рукуIера хьаланисвалар бен дагахь ца хилар. Нагахь санна кхеравелла хьаланисвеллехь, къобал хир дац цуьнан хьаланисвалар;
б) хьаланисвеллачохь тем бар, дегIан меженаш рукуIе вахале йолчу кепара дIанисъяллалц.

**7. Ши сужда дар;**
Ши сужда даран бехкамаш багарбийр бу вай:

а) корта, ворта тIеязъеш, хьаж лаьтта диллар;
б) тем бар;
в) хьаьжа тIехь хIумма цахилар (хьаж дерзина хилар);
г) сужда дар доцург кхин хIумма дагахь цахилар;
д) сужданехь ворхI меженна тIевазвалар (хьаж-мара; ши куьг; когийн ши гола; шина коган пIелгийн геш);
е) шена тIерачу бедарна тIе сужда ца дар, нагахь санна и бедар цуьнца цхьаьна меттахъхьийр йолуш елахь.

**8. Шина сужданна юккъехь охьахаар;**
Шина сужданна юккъехь охьахааран бехкамаш буьйцур бу вай:

а) тем бар;
б) охьахаар бен кхин ниййат ца хилар.

**9. ТIаьххьара Этхьиг деша охьахаар;**

**10. ТIаьххьара охьахиъча Этхьиг** (ташаххIуд) **дешар;**
Этхьиг дешарца боьзначу бехкамашна тIе тидам бохуьйтур бу вай:

а) шена хезаш дешар;
б) еха соцунгIаш ца яр;
в) хиъна волуш дешар (хиъна Iалуш вацахь, бехказа ву);
г) Iарбийн маттахь дешар (ца хаахь, кхечу маттахь деша мегар ду, делахь а Iарбийн маттахь деша Iамо деза);
д) хIора элп нийса доккхуш дешар.

**11. ТIаьххьара охьахиъначохь Этхьиг дешначул тIаьхьа Пайхамарна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **салават диллар;**

**12. Ламаз дерзош салам далар;**
Ламаз дерзош салам даларан бехкамаш буьйцур бу вай:

а) дегI къилбехьа долуш салам далар; корта хьовзош алар суннат ду;
б) шена хезаш алар;
в) Iарбийн маттахь алар;

Ца алалахь, кхечу маттахь ала мегаш ду.
г) массо дош нийса алар;
д) оцу шина дашна (Ассала́му Іалайкум) юккъе хан ца йолийтар.

**13. РогІалла ларъяр.**
Масала, хаа а хууш рукуІел хьалха суждане водахь, я Бисмилла ца доьшуш рукуІе водахь, ламаз духуш ду. Ишта ламаз духу, дала дезачул хьалха ламаз дерзоран салам делча.

ХІокху кхойтта рукнанах цхьаъ я масех кхочуш ца яхь, ламаз къобал хир дац. Масала, ниййат ца деш, я суждa ца деш, я Бисмилла ца доьшуш дина ламаз къобал хир дац.

### Ламазан суннаташ

Ламазан суннаташ шина кепара ду:
– АбІад-суннат;
И ду, ша чІагІдина хилар бахьнехь, ламаз дечо иза дитча, вицваларан суждa деш долу суннат;

– ХІайат-суннат;
ХІокху суннатал тІаьхьа вицваларан суждa деш дац;

АбІад-суннат диъ ду:

1 – Дуьххьарлера Этхьиг дешар;
2 – Оцу Этхьигехь Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллар: **Алло́хІумма солли Іала́ Мухьаммад;**
3 – ТІаьххьарчу Этхьигехь Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) охІланна салават диллар;
Доца салават хІара ду: **Алло́хІумма солли Іала́ Мухьаммадив-ва Іала́ а́ли Мухьаммад.**
Ткъа кхоччуш долу цуьнан дешар хІара ду:
**Алло́хІумма солли Іала́ Мухьаммадив-ва Іала́ а́ли Мухьаммадин кама́ соллайта Іала́ Ибро́хІи́ма ва Іала́ а́ли Ибро́хІи́ма, ва ба́рик Іала́ Мухьаммадив-ва Іала́ а́ли Мухьаммадин кама́ ба́рокта Іала́ Ибро́хІи́ма ва Іала́ а́ли Ибро́хІи́ма филь-Іа́лами́на. Иннака хьами́дум-мажи́д.**
4 – Іуьйра ламазехь шолгІачу рукуІера хьаланисвелча махІдин (къунут) дешар.

## **МахIдин**

***<u>Ша хIоьттина дечу ламазехь махIдин ишта доьшур ду:</u>***

АллóхIуммахIдинú фúман хIадайта, ва Iáфинú фúман Iáфайта, ва таваллaнú фúман таваллайта, ва бáрик лú фúмá аIтIойта, ва къинú бирохьматика шарро мá къодойта, фа иннака такъды́ валá юкъдó Iалайка, ва иннахIу лá йазиллу мав-вáлайта, валá йаIиззу ман Iáдайта, табáрокта роббанá ва таIáлайта, фа лакаль-хьамду Iалá мá къодойта, ва лакаш-шукру Iалá мá хIадайта, астагIфирука ва атýбу илайка. АллóхIумма ахрижнú минад-дунйá маIаль-úмáни, ва соллаллóхIу таIáлá ва саллама Iалá хойри холкъихIú Мухьаммадив-ва Iалá áлихIи ва асхьáбихIú ажмаIúна. Амин!

***<u>Имаман хьолехь ишта деша деза махIдин:</u>***

АллóхIуммахIдинá фúман хIадайта, ва Iáфинá фúман Iáфайта, ва таваллaнá фúман таваллайта, ва бáрик ланá фúмá аIтIойта, ва къинá шарро мá къодойта, фа иннака такъды́ валá юкъдó Iалайка, ва иннахIу лá йазиллу мав-вáлайта, валá йаIиззу ман Iáдайта, табáрокта роббанá ва таIáлайта, фа лакаль-хьамду Iалá мá къодойта, ва лакаш-шукру Iалá мá хIадайта, настагIфирука ва натýбу илайка. АллóхIумма ахрижнá минад-дунйá маIаль-úмáни, ва соллаллóхIу таIáлá ва саллама Iалá хойри холкъихIú Мухьаммадив-ва Iалá áлихIи ва асхьáбихIú ажмаIúна. Áмúн!

## **МахIдин дешаран суннаташ**

– Кхечу доIанехь санна куьйгаш лацар, амма махIдин дешна ваьлча юьхьах куьйгаш хьаккхар суннат дац - цахьаккхар гIоли ду;
– имаман хьолехь хьалхаваьлла велахь, чIогIа дешар, цунна тIаьхьахIиттина ламаз деш болчара (махIдин ца доьшуш) амин алар;
– чаккхенгахь Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллар.

## **Ламазан хIайъат-суннат шаьш кхочуш ца деш дитича, вицваларан сужда ца деш дерш ду:**

1. ламаз дехкаран АллóхIу Акбар алале, маттаца ламаз дан ниййат дар;
2. ши куьг хьалаайдар; Ши куьг хьалаайдар суннат ду еа меттехь:
– ламаз дехкаран АллóхIу Акбар олуш;

– рукуIе воьдуш;
– рукуIера хьаланисвелча;
– дуьххьарлера Этхьиг дешначул тIаьхьа хьаланислуш.
Куьйгаш белшел лакха ойбуш, нана пIелгаш лерган тIилдиган барамехь, дисина пIелгаш лергийн баххьийн барамехь (кераяккъаш яьстина йолуш) къилбехьа дерзийна хьалаойбур ду.
3. ламазе дIахIуттуш когаш (цхьа ше хиллал) хербар;
4. аьтту куьг аьрру куьйгана тIедиллар; аьтту куьйга аьрру куьйган хуттург, цул лакхара дакъа схьалоцур ду.
5. ша суждане гIур волчу меттиге хьоьжуш ламаз дар, амма Этхьиг доьшуш иллаллóхIу олуш, шена аьтту куьйган хьажочу пIелге хьежар суннат ду.
6. Ламазехь таважжухI доIа дар. Цуьнан бехкамаш хIорш бу:
а) ламазан АллóхIу Акбар (такби́ратуль-ихьрáм) ма-аьлла дешар;
б) докъан ламазехь ца дешар;
в) жамIат ламазехь Бисмилла деша хан тоьар яц аьлла хетахь, и доIа ца дешар.
**ТаважжухI доIа: ВажжахIту важхIи́ лиллази́ фатIорос-самáвáти валь-ардо хьани́фан муслиман ва мá ана миналь-мушрики́на. Инна солáти́ ва нусуки́ ва махьйáйа ва мамáти́ лиллáхIи роббиль-Iáлами́на, лá шари́ка лахIу ва бизáлика умирту ва ана миналь-муслими́на** (Аса сайн юьхь ерзий стигланашший, латтий Кхоьллинчуьнга, даггара бусалба динна тIетевжина волуш, Цунна муьтIахь волуш а. Баккъалла а, сан ламаззий, сан лолладаррий, сан дийна хиларрий, сан валаррий - Iаламийн Дела волчу АллахIна ду. Цуьнца накъост вац, ишта хила аьлла омра дина соьга, со бусалба нахах цхьаъ ву)**.**
7. ХIора Бисмилла дешарехь хьалха АIу́зу биллáхIи минашшайтIóнирроджи́м (истиIазат) алар (лахарчу озаца);
8. Такби́ратуль-ихьрáмна таважжухIна юккъехь, таважжухIна истиIазана юккъехь, истиIазана Бисмиллина юккъехь, Бисмиллина, Аминна юккъехь, Аминна, цул тIаьхьа доьшучу суратна юккъехь, суратна рукуIе воьдуш олучу АллóхIу Акбарна юккъехь соцунгIа хилар (немая пауза); (СубхьаналлóхI аллал йолчу ханна);
9. Бисмилла чIогIа доьшучу ламазехь имамо я ша ламаз деш волчо Бисмилла чIогIа дешар, АллóхIу Акбар (такби́ратуль-ихьрáм), салам далар чIогIачу озаца хилийтар. Амма имамана тIаьхьа хIоьттинчо чIогIа деша мегар дац, цунна новкъарло ца хилийтархьама. Ткъа зудчо ша и тайпа ламаз деш,

хийрачу стагана хазарх ларлуш, тIех чIогIа ца доьшуш дан деза ламаз. Хийрачу божаршна хезар долуш делахь, шен ламаз шена бен ца хезачу озаца дан деза цуо. Бисмилла чIогIа доьшу: Iуьйра ламазехь (ший а Бисмилла, маьркIажа а, пхьуьйра ламазашкахь хьалхара ши Бисмилла). Дисина ламазаш шена бен ца хезачу озаца доьшуш дийр ду. Суннат ламазаш лахарчу озаца дийр ду. ЧIогIа дан дезаш долу ламаз меллаша доьшуш даро ламаз дохош дац, делахь дика лоруш дац и хийцам бар.
10. Ламазан Бисмилла дешначул тIаьхьа А́ми́н алар;
11. Iуьйра ламазна, дисинчу фарз ламазийн хьалхарчу шина Бисмиллина а тIаьхьа Къуръанан муьлхха (шена хуу) сурат я аяташ дешар;
12. Ламазан арканаш хийцалучу заманахь Алло́хIу Акбар алар, масала, рукуIе воьдуш, суждане воьдуш, хьаланислуш…
Алло́хIу Акбар хийцалучу рукнанера ала волалуш ша кхочучу рукнехь чекхдоккхуш ала дезаш ду. Масала, суждане волалуш лаьтташ, Алло́хIу Акбар ала волалуш, охьакхаьчча дерзор ду и алар;
13. Букъ, ворта, корта лаьттаца (пурхнехьа) нисбеш, охьатаIар;
14. РукуIера хьаланислуш, СамиIалло́хIу лиман хьамидахI олуш, ши куьг хьалаайбар суннат ду;
15. Суждане воьдуш – хьалха голаш, тIаккха куьйгаш, цул тIаьхьа хьаж-мара лаьтта диллар суннат ду;
16. Шина сужданна юккъехь лаьтта дIабижинчу аьрру коган кIожа тIе хаар. Ткъа аьтту ког лаьттах гIортийна буьтур бу. (Ифтирашан кепара охьахаар);
17. ШолгIачу сужданера хьалагIоттуш, жимма охьахиъна сацар суннатехь ду;
18. Ишта суннат ду, хьалагIоттуш, ши куьг лаьттах гIортош, хьалагIаттар;
19. ТIаьххьарчу Этхьигехь аьрру ха лаьтта дуьллуш, лаьттах гIортийначу аьтту когана бухахула аьрру ког дIахоьцуш охьахаар суннат ду. (Таваррук кепара охьахаар); Ишта, аьтту куьг (буй бина) аьтту варана тIе дуьллур ду, хьажон пIелг хецна а буьтуш, нанапIелг шена бухахь болуш. Этхьигехь Ла́ ила́хIа иллалло́хIу бохучу дашехь иллалло́хI олуш хьалаайбийр бу хьажон пIелг.
**Этхьиг: Аттахьиййа́тул-муба́рока́тус-солава́тут-тIоййиба́ту лилла́хIи. Ассала́му Iалайка аййюхIаннабиййю ва рохьматулло́хIи ва барока́тухI. Ассала́му Iалайна́ ва Iала́ Iибадилла́хIис-со́лихьи́н. АшхIаду ал-ла́ ила́хIа иллалло́хIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росулулло́хI. Алло́хIумма солли Iала́ Мухьаммадив-ва Iала́ а́ли Мухьаммад.**

20. Ламаз дерзош, салам луш, Ассала́му Іалайкум ва рохьматулло́хІ алар. Шина саламна юккъе жимма хан йолийтар;
21. Ламаз деш Далла тІе ойла яхийтар, меттах ца хьер.

## Ламаза тІехь карахІат дерш

**КарахІат** бохург – хІора ламаз деш волчунна и дитарца мела хир болуш, цо и дахь цунна таІзар хир доцуш дерг ду. Ламаз дарехь карахІат дерш дуьйцур ду вай:

1. Лакхахь хьахийначу ламаз даран суннатех суннат дитар;
2. Ламаза тІехь шен цхьа а хьашт доцуш дІасахьежар;
3. Шен бІаьргаш стигала хьалахьежабар (махІдин доьшуш велахь а);
4. Ламаза тІехь шен бедарш нисъяр, месаш сецаяр;
5. Ша чІогІа меца волуш ламаз дар (ламаз туьлуш дацахь);
6. Шен араваха гІуллакх долуш ламаз дар;
7. Ша чІогІа наб йогІуш волуш ламаз дар;
8. Цхьана кога тІе хІоьттина ламаз дар (бехказло йоцуш);
9. Бедаран пхьуьйшаш хьалакерчор, месаш дІахьерчор;
10. Цхьайолчу меттигашкахь (луьйчучохь, некъаюккъехь, базарахь, кешнашкахь, килса чохь, нехаш дІакхуьссу меттигашкахь, эмкалш хи мала гуллучохь) ламаз дар;
11. Готта, дегІана тІелетта бедар юьйхина, ламаз дар;
12. Божарий болчу цІа чохь, масала, царна хьалха а хІоьттина, зудчо ламаз дар;
13. Стага, йоца коч юьйхина, ламаз дар;
14. Еха, лаьттах текхаш, бедар юхар;
15. Ламазехь юьхь дІакъовлар, бедар тІекхоьллина ламаз дар;
16. Кучан пхьуьйшаш хьалакарчор;
17. Ши белш иэхьар;
18. Сурт гуш долчу цІа чохь я шена тІехь сурт долчу бедарца ламаз дар;
19. Стага, коьртахь хІума йоцуш, ламаз дар;
20. Ламаз сов тІех кечбина, къагийна, я лекхачу метте охьатесначу куза тІехь дар;
21. Ламаз даима маьждиган цхьана меттехь дар;
22. Нахана новкъарло еш, ламазехь доьшуш дерш чІогІа дешар;
23. РукуІе воьдуш, хьаланислуш, ши куьг хьала ца айбар;
24. Цхьана ракаІатехь «Бисмилла» шозза я сов дешар;

25. БIаьргаш хьабдина ламаз дар; БIаьргаш биллича новкъарло хир елахь, бIаьргаш хьабдина дан мегар ду ламаз.
26. Бахьана доцуш, меженаш меттахъхьеяр; Меженаш меттахъхьеяро Далла тIе ойла ца йохуьйту. Ишта, ламазан низам дохош, тIаьхье-хьалхе меженаш меттахъхьеяро ламаз дохадо.
27. РукуIе (суждане) охьа а таьIна, АллóхIу Акбар алар, рукуIера (сужданера) хьала а нисвелла, АллóхIу Акбар алар; Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), ша рукуIе (суждане) воьдуш лаьтташ, АллóхIу Акбар олуш хилла, сужданера корта хьалаойбуш лаьтташ, АллóхIу Акбар олуш хилла. *Бухари*.
28. Шина сужданал тIаьхьа, охьа ца хууш, хьалагIаттар;
29. Сужданехь хьаж лаьттах хьакхадала дезаш ду, амма цуьнца цхьана мара лаьттах ца хьакхабалийтар карахIат ду;
30. Сужданехь гай голашна тIетаьIна хилар; Куьйгаш, пIелгаш цхьаьна долуш, белшийн я лергийн барамехь дехкина хила деза. Пхьаьрсийн голаш варех хьакхалуш йоцуш, лаьттара жимма хьалаайбина хила еза.
31. МахIдин дешначул тIаьхьа юьхьах куьйгаш хьакхар.

### Ламаз дохош долу хIуманаш

Ламаз духур ду хIокху тIаьхьадогIучарах цхьаъ ламаз дечуьнгара даьлча:
1. Лаамана вистхилча я шина элпах лаьттарг даьлла а дош далахь. Амма, вицвелла, дош аьллехь я лаамза велар иккхина я, багагIаьттина, дош аьллехь, ламаз духуш дац;
2. Шен лаамца дуккха и меттахъхьийча я рукнанийн кеп хийцича. Амма, цахууш, цуьнгара и даьллехь, ламаз дохац цуьнан. Цхьана рукнехь тIеттIа кхузза меже меттахъхьайича, ламаз духуш ду. Масала, Бисмилла доьшуш корта, куьг меттахъхьадина, ког баккхахь, ламаз духуш ду. Амма коьртара пес нисъяро, я шега салам делча куьйган эшарца и схьаэцаро ламаз ца дохадо;
3. Цуьнан дегIа тIе я бедар тIе нажас (боьхалла) хьакхаелча;
4. Iавратах цхьа хIума гучуяьлча;
5. Цхьа хIума кхаьллича я мелча (хууш я вицвелла);
6. Дуьххьарлера салам далале хьалха цуьнан ламаз карара даьлча;
7. Ахьан-ахьан аларца и велавелча я вилхича;
8. Динах араваьлча;

9. Хуъушехь, рукна хадийча (кхочуш ца йича). Масала, рукуIе охьакхаьчна валале хьаланисвалар;
10. Ламазан рукна йитича;
11. Хуъушехь, рукнанийн рогIалла хийцича.

## Iуьйра ламаз даран кеп

ДегI нисдеш, ши ког къилбехьа берзийна, цхьа ша хиллал барамехь дIасабохуьйтуш дIахIуттур ву. «Ас нийiат ди, сайн фарз шиъ ракаIат **Iуьйра** ламаз Далла дан», – аьлла, ши куьг хьалаайдина АллóхIу Акбар аьлла, ламаз доьхкур ду. Ши куьг (аьтту куьг тIехула долуш) некха кIела а дуьллуш, ша суждане гIур волчу метте хьоьжуш волуш, лахарчу озехь таважжухI доIа дешар суннат ду, цул тIаьхьа оццу озаца АIýзу биллáхIи минаш-шайтIóнирроджи́м, аьлла, шена хезачу барамехь аз ойуш, Бисмилла (Фатихьат) доьшур ду. (Амма зудчо, хийрачу божаршна хезачохь ламаз деш иза елахь, Бисмилла аз лахдина доьшур ду).

**БисмиллáхIиррохьмáниррохьи́м.**
**Альхьамду лиллáхIи роббиль-Iáлами́н.**
**Аррохьмáниррохьи́м.**
**Мáлики йавмидди́н.**
**Иййáка наIбуду ва иййáка настаIи́н.**
**ИхIдинас-сырóтIоль-мустакъи́м.**
**СырóтIоллази́на анIамта IалайхIим,**
**гIойриль-магIдýби IалайхIим валаддóлли́н.** (Áми́н).

***Фатихьатан маьIна:***

АллахIан цIарца, Къинхетаме, Къинхетам бийр болуш Волчу.
Iаламийн Да Волчу АллахIна хастам бу.
Къинхетаме, Къинхетам бийр болуш Волчу.
Къематдийнан Паччахь Волчу.
Хьуна Iибадат до оха, Хьоьга гIо доьху.
Нийсачу некъа нисдехьа тхо.
Айхьа ниIмат деллачеран некъа дигахь тхо,
ма дигахь тхо Айхьа оьгIазло йинчеран, тилабеллачеран некъа.

И дешна ваьлча, шена хуучех Къуръанан сурат я аяташ дешар суннат ду.

Цул тІаьхьа, ши куьг юха хьалаойбуш Аллóхlу Акбар олуш, рукуІе гІур ву (куьйгийн пІелгашца когийн голаш лоцуш, букъ, ворта лаьттаца пурхнехьа нисъеш, охьатаІар). Оцу рукуІехь тем беш, ша сужда дийр долчу меттиге (корта тухучу) хьаьжна волуш, кхузза «Субхьáна роббияль Іазы́м (ЦІена ву Сийлахь волу сан Дела)» эр ду. Цул тІаьхьа ши куьг ойбуш, СамиІаллóхІу лиман хьамидахІ олуш, рукуІера хьаланислур ву. Хьаланисвеллачохь тем бина (пауза), Аллóхlу Акбар олуш, хьалха шина коган голаш, тІаккха куьйгаш лаьтта дохкуш суждане гІур ву. Сужданехь ворхІ меженна тІевазлур ву (хьаж-мара, ши куьг, шина коган голаш, шина кога пІелгийн геш). Ши куьг, пІелгаш герга хьабдина долуш, белшашна дуьхьал лаьтта диллина хилар суннат ду. Пхьаьрсаш агІонех цахьакхалучу барамехь, дегІана херадаьхна долуш, гай варех ца хьакхадолуьйтуш сужда дар суннат ду. Амма зудчо, пхьаьрсаш дегІана тІеоьзна (стага санна меженаш ца яржош) дийр ду сужда. Сужданехь тем беш, кхузза «Субхьáна роббияль аІлá (ЦІена ву, Веза-Сийлахь волу сан Дела)» аьлла, Аллóхlу Акбар олуш, охьахуур ву. Охьахиъча, тем беш, «РоббигІфир ли́ вархьамни́ (Сан Дела, гечдехьа суна, къинхетам бехьа сох)» эр ду.

Юха а (шозлагІа) Аллóхlу Акбар олуш, суждане гІур ву, цигахь (тем беш) а кхузза Субхьáна роббияль аІлá эр ду. Сужданера охьахаарца жимма соцунгІа а хуьлуш, Аллóхlу Акбар олуш, ирахІуттур ву. Ирахь волуш, хьалха санна, шолгІа Бисмилла дешна, рукуІе ваханчуьра хьаланисвелча ши куьг лаьцна, шена хезачу барамехь аз ойуш, махІдин доьшур ду: **«АллóхІуммахІдини́ фи́ман хІадайта, ва Іáфини́ фи́ман Іáфайта, ва таваллани́ фи́ман таваллайта, ва бáрик ли́ фи́мá аІтІойта, ва къини́ шарро мá къодойта, фа иннака такъды́ валá юкъдó Іалайка, ва иннахІу лá йазиллу мав-вáлайта, валá йаІиззу ман Іáдайта, табáрокта роббанá ва таІáлайта, фа лакаль-хьамду Іалá мá къодойта, ва лакаш-шукру Іалá мá хІадайта, астагІфирука ва атýбу илайка. АллóхІумма ахрижни́ минад-дунйá маІаль-и́мáни, ва соллаллóхІу таІáлá ва саллама Іалá хойри холкъихІи́ Мухьаммадив-ва Іалá áлихІи ва асхьáбихІи́ ажмаІи́на».**

Цул тІаьхьа сужданаш дийр ду. ТІаьххьара сужда дича, охьахиъна, шена хезачу барамехь аз ойуш, Этхьиг доьшур ду: **«Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тІойййибáту лиллáхІи. Ассалáму Іалайка**

**аййухIаннабиййу ва рохьматуллóхIи ва барокáтухI. Ассалáму Iалайнá ва Iалá IибáдиллáхIис-сóлихьи́н. АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхI. АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá соллайта Iалá ИбрóхIи́ма ва Iалá áли ИбрóхIи́ма, ва бáрик Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá бáрокта Iалá ИбрóхIи́ма ва Iалá áли ИбрóхIи́ма филь-Iáлами́на. Иннака хьами́дум-мажи́д».**

***Этхьиган маьIна:***
Лерамаш, беркаташ, ламазаш, дика Iамалш, дешнаш а АллахIна ду. Маршо хуьлийла хьуна, хIай Пайхамар, АллахIан къинхетам, Цуьнан беркаташ а хуьлийла хьуна. Тхуна а, АллахIан дикачу лешна а хуьлийла маршо. Аса тоьшалла до, АллахI воцург, Дела вац аьлла, Мухьаммад – Делан Элча ву, аьлла. Я АллахI, Мухьаммадах (иза вазварца), Мухьаммадан доьзалх а къинхетам бехьа, Айхьа ИбрахIимах, ИбрахIиман доьзалх а къинхетам ма-барра. Я АллахI, Мухьаммадна, Мухьаммадан доьзална а беркат дехьа, Айхьа ИбрахIимна, ИбрахIиман доьзална а беркат ма-дарра Iаламашкахь. Баккъалла а, Хьо Хастаме, Сийлахь ву.

Этхьиг доьшуш, куьйгаш когийн голаш тIе дехкина хир ду. Аьрру куьйган пIелгаш тIеттIа хилийна (хецна) дуьтур ду, ткъа аьтту куьйган буй бина, хьажон пIелг хецна буьтур бу, «ИллаллóхIу» олучу хенахь аьтту куьйган хьажон пIелг хьалаойбур бу.

Этхьигехь аьрру ха лаьтта дуьллуш, лаьттах гIортийначу аьтту когана бухахула аьрру ког дIахоьцуш охьахуур ву (таваррук кепара охьахаар). Этхьиг дешна ваьлча, салам далале хIара доIа дар суннат ду: **«АллóхIумма инни́ аIýзу бика мин Iазáбиль-къобри, ва мин Iазáби жахIаннама, ва мин фитнатиль-махьйá валь-мамáти, ва мин шарри фитнатиль-маси́хьид-дажжáл** (Я АллахI, баккъалла а, Хьоьга сой Iалашвар доьху аса кошан Iазапаххий, жоьжахатин Iазапаххий, дахаран а, даларан а баланаххий, Масихь-Дажалан питанаххий)». И дешна ваьлча, корта аьтту агIор дIаберзош, шена хезачу барамехь аз ойуш, Ассалáму Iалайкум ва рохьматуллóхI (Делера салам, къинхетам хуьлийла шуна) аьлла, салам лур ду, юха аьрру агIор корта берзош а эр ду Ассалáму Iалайкум ва рохьматуллóхI. Ала деза, Iуьйра ламазехь хьала-охьатаIарехь олуш долу АллóхIу Акбар шена хезачу барамехь аз ойуш ала деза. Ишта дина волу Iуьйра ламаз.

## Делкъа, малхбуза ламаз даран кеп

И ши ламаз 4 ракаIатехь деш ду (диъ Бисмиллий, шиъ Этхьиггий). Цаьршинна юккъехь башхалла яц, ниййат дар доцург.

Делкъа ламазан ниййат ишта дийр ду: «Ас ниййат ди, сайн фарз диъ ракаIат делкъа ламаз Далла дан», – аьлла. Ламаз доьхкуш олуш долу АллóхIу Акбар шена хезачу озаца эр ду. Шена хезачу озаца ши Бисмилла, Этхьиг доьшур ду. Хьалхара Этхьиг ишта доьшур ду: **«Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тIойййибáту лиллáхIи. Ассалáму Iалайка аййухIаннабиййу ва рохьматуллóхIи ва барокáтухI. Ассалáму Iалайнá ва Iалá IибáдиллáхIис-сóлихьи́н. АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхI. АллóхIумма солли Iалá Мухьаммад».** И дешна ваьлча, салам ца луш, юха а ши Бисмилла, Этхьиг дешна лур ду салам. ШолгIа Этхьиг жимма дехо доьшур ду: **«Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тIойййибáту лиллáхIи. Ассалáму Iалайка аййухIаннабиййу ва рохьматуллóхIи ва барокáтухI. Ассалáму Iалайнá ва Iалá IибáдиллáхIис-сóлихьи́н. АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхI. АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá соллайта Iалá ИбрóхIи́ма ва Iалá áли ИбрóхIи́ма, ва бáрик Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá бáрокта Iалá ИбрóхIи́ма ва Iалá áли ИбрóхIи́ма филь-Iáлами́на. Иннака хьами́дум-мажи́д».**

Ламазна хьала-охьатаIарехь олуш долу АллóхIу Акбар шена хезачу барамехь эр ду.

Ткъа малхбуза ламазан ниййат ишта дийр ду: «Ас ниййат ди, сайн фарз диъ ракаIат малхбуза ламаз Далла дан», – аьлла.

## МаьркIажа ламаз

МаьркIажа ламаз 3 ракаIатехь деш ду (кхоъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан - малх чу ма-буьззи хуьлуш ю. Цунна ниййат ишта дийр ду: «Ас ниййат ди, сайн фарз кхо ракаIат маьркIажа ламаз Далла дан», – аьлла. Iуьйра ламазехь санна, шиъ Бисмилла, Этхьиг дешна, хьалагIаьттина, цхьа Бисмилла дешна, рукуI, сужданаш дина, шолгIа Этхьиг дешна, аьтту агIор, аьрру агIор а салам лур ду. ХIокху ламазан хьалхара ши Бисмилла, Этхьиг хозуьйтуш, юккъерчу озехь доьшур ду, ткъа дисина цхьа Бисмилла шена хезачу барамехь доьшур ду. Хьалхара Этхьиг ишта доьшур ду: **«Аттахьиййáтуль-**

**мубáрокáтус-солавáтут-тIоййибáту лиллáхIи. Ассалáму Iалайка аййухIаннабиййу ва рохьматуллóхIи ва барокáтухI. Ассалáму Iалайнá ва Iалá IибáдиллáхIис-сóлихьи́н. АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхI. АллóхIумма солли Iалá Мухьаммад».** Ткъа шолгIа Этхьиг жимма дехо доьшур ду: **«Аттахьиййáтуль-мубáрокáтус-солавáтут-тIоййибáту лиллáхIи. Ассалáму Iалайка аййухIаннабиййу ва рохьматуллóхIи ва барокáтухI. Ассалáму Iалайнá ва Iалá IибáдиллáхIис-сóлихьи́н. АшхIаду ал-лá илáхIа иллаллóхIу ва ашхIаду анна Мухьаммадар-росýлуллóхI. АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá соллайта Iалá ИбрóхIи́ма ва Iалá áли ИбрóхIи́ма, ва бáрик Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадин камá бáрокта Iалá ИбрóхIи́ма ва Iалá áли ИбрóхIи́ма филь-Iáлами́на. Иннака хьами́дум-мажи́д».**

## Пхьуьйра ламаз

Пхьуьйра ламаз 4 ракаIатехь деш ду (диъ Бисмилла, шиъ Этхьиг). Цуьнан хан, малх дIа а буьзна, цуьнан цIелла дIаяьллачул тIаьхьа (герггарчу хьесапехь, цхьа сахьт ах сахьт даьлча) хуьлуш ю. ХIара ламаз делкъа, малхбуза ламазаш санна деш ду.

Цунна ниййат ишта дийр ду: «Ас ниййат ди, сайн фарз диъ ракаIат пхьуьйра ламаз Далла дан». Цуьнан башхалла – хьалхара ши Бисмилла, маьркIажа, Iуьйра ламазехь санна чIогIа доьшур ду, ткъа дисина ши Бисмилла шена хезачу барамехь доьшур ду.

## Ламазан тасбихь

Ламазал тIаьхьа доккхучу тасбихьан кеп ишта ю:

1. Ламазан салам ма-делли, кхузза АстагIфируллóхI аьлла, **«АллóхIумма антас-салáму ва минкас-салáму табáрокта йá заль-жалáли валь-икрóм** (АллахIе гечдар доьху ас. Я АллахI, Хьо маьрша ву, Хьоьгара маршо ю, беркате ву Хьо, хIай сийлаллин, лараман Да)» эр ду.

Цул тIаьхьа эр ду: **«Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIý лá шари́ка лахI, лахIуль-мульку ва лахIуль-хьамду, йухьйи́ ва йуми́ту, ва хIува Iалá кулли шай-ин къоди́р** (Цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцуш волу АллахI воцург, Дела вац, Цуьнан ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Цо ден а до, са а оьцу, Иза массо а хIума дан ницкъ кхочуш ву)».

**Цул тӀаьхьа Аятуль-курсий доьшур ду:**

**Бисмилла́хӀиррохьма́ниррохьи́м**

**«Алло́хӀу ла́ ила́хӀа илла́ хӀуваль-хьаййуль-къоййу́м. Ла́ таъхузухӀу́ синатув-ва ла́ навм. ЛахӀу́ ма́ фис-сама́ва́ти ва ма́ филь-ард. Ман зал-лази́ йашфаӀу ӀиндахӀу́ илла́ биизнихӀ. ЙаӀламу ма́ байна айди́хӀим ва ма́ хольфахӀум, ва ла́ йухьи́тӀу́на бишай-им-мин ӀильмихӀи́ илла́ бима́ ша́ъ. ВасиӀа курсиййухӀус-сама́ва́ти валь-ард, ва ла́ йау́духӀу́ хьифзухӀума́, ва хӀуваль-Ӏалиййуль-Ӏазы́м».** Цуьнан маьӀна: «АллахӀ, И воцург Дела вац, даима дийна волу (Шен лен доладеш), даима лаьтташ волу. Иза набаран таро дӀа ца лоцу, я набаро а. Цуьнан долахь ду стигланашкахь мел дерг а, лаьттахь мел дерг а. Цунна хьалха гӀо доккхун дерг мила ву (цхьа а вац), Цуьнгара пурбанца а бен. Цунна хаьа, царна хьалха хилларг а, царна тӀаьхьа хиндерг а. Уьш тӀе а ца кхуьу Цуьнан Ӏилманах цхьана а хӀуманна, Цунна лиънарг доцчунна. Цуьнан Ӏаршо чулоцу стигланаш а, латта а. Я Цунна хала а дац и шиъ Ӏалашдан, Иза ву Лекха, Веза».

Цул тӀаьхьа, Йа́ Ӏазы́му йа́ кари́м зуль-жала́ли вал-икро́м (ХӀай, сийлаллехь уггар лакхарчу даржехь Верг, беркат-хайр дукха Дерг, хӀай сифаташ Сийлахь, кхоччуш Дерг) аьлла, 33-зза **Субхьа́налло́хӀ** (ЦӀена ву АллахӀ) эр ду.

Цул тӀаьхьа, Ӏамма́ йасыфу́на да́иман шукрухӀу (ЦӀена ву АллахӀ Шена тӀе кхуллучух, даима а шукра ду Цунна) аьлла, 33-зза **Аль-хьамду лилла́хӀ** (хастам бу АллахӀна) эр ду.

Цут тӀаьхьа, Роббиль Ӏа́лами́на таӀа́ла́ шаънухӀу ва ла́ ила́хӀа гӀойрухӀу (Ӏаламаш кхобуш, кхиош ву Иза, Шен возаллехь Лекха ву, АллахӀ воцург кхин Дела вац) аьлла, 33-зза **Алло́хӀу Акбар** (АллахӀ Воккха ву) эр ду.

Цул тӀаьхьа, **Каби́ров-вальхьамду лилла́хӀи хьамдан каси́ров-ва Субхьа́налло́хӀи букротав-ва асы́ла́** (АллахӀ Воккха ву, дуккха а болу хастамаш АллахӀна бу, ЦӀена ву Иза даимна). **Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀу вахьдахӀу́ ла́ шари́ка лахӀ, лахӀуль-мульку ва лахӀуль-хьамду ва хӀува Ӏала́ кулли шай-ин къоди́р**, - эр ду.

Ламаз динчул тӀаьхьа хӀара доӀанаш, Къуръанан сураташ дешар мелехь ду:

**Алá инна авлияáллóхIи лá ховфун IалайхIим ва лá хIум йахьзанýн. Аллазúна áманý ва кáнý йаттакъýн. Роббанá золамнá анфусанá ва иллам тагIфир ланá ва тархьамнá ланакýнанна миналь-хóсирúн. Ва мá арсалнáка иллá рохьматал-лиль-Iáламúн.**

Дала Мухьаммад-пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) доссийна деза Къуръан. Къуръан – иза бусалба нехан коьрта жайна ду. Оцу Сийлахьчу Къуръанан хIара сураташ (дакъош) хIора ламазал тIаьхьа дешар мелехь ду.

**Сурат «Аль-Ихлас»**

**БисмиллáхIиррохьмáниррохьúм**
**«Къуль хIуваллóхIу ахьад. АллóхIус-сомад. Лам йалид ва лам ю́лад. Ва лам йакул-лахIý куфуван ахьад».**

**Сурат «Аль-Фалакъ»**

**БисмиллáхIиррохьмáниррохьúм**
**«Къуль аIýзу бироббиль-фалакъ. Мин шарри мá холакъ. Ва мин шарри гIóсикъин изá вакъоб. Ва мин шаррин-наффáсáти филь-Iукъод. Ва мин шарри хьáсидин изá хьасад».**

**Сурат «Ан-Нас»**

**БисмиллáхIиррохьмáниррохьúм**
**«Къуль аIýзу бироббин-нáс. Маликин-нáс. ИлáхIин-нáс. Мин шарриль-васвáсиль-хоннáс. Аллазú йувасвису фú судýрин-нáс. Миналь-жиннати ван-нáс».**

ТIаьххьара ши куьг лаьцна, Деле шена гечдар доьхуш, шена гIо дар доьхуш, доIа дийр ду. ДоIа деш – хьалха Далла хастам бийр бу, Альхьамду лиллáхIи роббиль-Iáламúн аьлла, тIаккха Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават дуьллур ду – АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадив-ва саллим. Цул тIаьхьа шена, шен гергарчарна, массо бусалба нахана гечдар доьхур ду, ламаз, марха къобалдар доьхур ду, дуьненахь шена лууш дерг деха мегар ду. ДоIа дерзош, юха а Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллина –

Аллóхӏумма солли Ӏалá Мухьаммадив-ва Ӏалá áли Мухьаммадив-ва саллим, Бисмилла (Фатихьат) дешна, дерзор ду доӀа.

**Ламаз динчул тӀаьхьа деш долу доӀа**

**Альхьамду лиллáхӀи роббиль-Ӏáламѝн. Вассолáту вассалáму Ӏалá росýлиллáхӀ. Аллóхӏумма иннѝ асъалука Ӏильман нáфиӀан, ва ризкъан тӀоййибан, ва Ӏамалан мутакъоббалан. Аллóхӏумма роббанá áтинá фиддунья́ хьасанатав-ва филь-áхироти хьасанатав-ва къинá Ӏазáбаннáр. Аллóхӏумма солли Ӏалá Мухьаммадив-ва Ӏалá áли Мухьаммадив-ва саллим. Бихьурмати сирри суратиль-фатихьа.**

**Фарз ламазашца деш долу суннат ламазаш**

Шена мела алсам безачо фарз ламазашца суннат ламазаш дан деза. Суннат Ӏамал Дала вайна фарз йина тӀейожийна яц, амма е аьлла дӀакхайкхийна Ӏамал ю. Цул сов, фарз ламазийн кхачамбацарш дӀадоху суннат ламазаш даро. ХӀора фарз ламазца деш суннат ламазаш ду:

– Фарз Ӏуьйра ламазал хьалха деш долу ши ракаӀат суннат ламаз.
И ламаз ишта доьхкур ду: «Ас нийййат ди, фарз Ӏуьйра ламазал хьалхара ши ракаӀат суннат ламаз Далла дан». Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дӀадерзор ду и ламаз.

– Делкъа ламазал хьалха шишша ракаӀатца деш шиъ суннат ламаз ду. Ишта делкъа ламазал тӀаьхьа а ду шина ракаӀатах долу шиъ суннат ламаз.

Делкъа ламазал хьалхара суннат ламаз ишта доьхкур ду: «Ас нийййат ди, делкъа ламазал хьалхара ши ракаӀат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дӀадерзор ду и ламаз. Цул тӀаьхьа, хьалха санна нийййат деш дийр ду делкъа ламазал хьалхара шолгӀа ши ракаӀат суннат ламаз а.

Делкъа ламазал тӀаьхьара суннат ламаз ишта доьхкур ду: «Ас нийййат ди, делкъа ламазал тӀаьхьара ши ракаӀат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дӀадерзор ду и ламаз. Цул тӀаьхьа, хьалха санна нийййат деш, дийр ду делкъа ламазал тӀаьхьара шолгӀа ши ракаӀат суннат ламаз а.

– Малхбуза ламазал хьалхара шишша ракаӀатца деш шиъ суннат ламаз ду. Малхбуза ламазал хьалхара суннат ламаз ишта доьхкур ду: «Ас нийййат ди,

малхбуза ламазал хьалхара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду хьалхара суннат ламаз. Цул тIаьхьа, хьалха санна, ниййат деш, дийр ду малхбуза ламазал хьалхара шолгIа ши ракаIат суннат ламаз а.

– МаьркIажа ламазал тIаьхьа деш ши ракаIат суннат ламаз ду. Иза ишта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, маьркIажа ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду и суннат ламаз.

– Пхьуьйра ламазал тIаьхьа деш ши ракаIат суннат ламаз ду.
Пхьуьйра ламазал тIаьхьара суннат ламаз ишта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, пхьуьйра ламазал тIаьхьара ши ракаIат суннат ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду и суннат ламаз.

Цул тIаьхьа витр суннат ламазаш ду. Кхо ракаIат дина а, витр ламаз дар суннат ду. Хьалха ши ракаIат дина, салам делла ламаз дIа а дерзийна, юха цхьа ракаIат дийр ду.
Витр ламаз ишта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, ши ракаIат витр ламаз Далла дан», – аьлла. Ши Бисмилла а, цхьа Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду шина ракаIатан витр ламаз. Цул тIаьхьа – цхьа ракаIат долу витр ламаз ишта доьхкур ду: «Ас ниййат ди, цхьа ракаIат витр ламаз Далла дан», – аьлла. Цхьа Бисмилла, цхьаъ Этхьиг дешна, салам делла дIадерзор ду цхьа ракаIатан витр ламаз.

## Рузбанан ламаз

Рузбанан ламаз, Дала вайн уммат къастош, дезчу пIераскан дийнахь вайна делла совгIат ду. Рузбанан ламазах Iарбийн маттахь джумуIат ламаз олу. ПIераскан дийнахь делкъа ламазан метта 2 ракаIат рузбанан ламаз до маьждигехь. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Рузбанан ламаз дар массо бусалба стагана важиб ду…»**

Имама, рузбанан ламаз дихкича, цунна тIаьххье: «Ас ниййат ди, Делан дуьхьа, фарз ши ракаIат рузбанан ламаз жамIатца имамна тIаьхьа дан» – аьлла, ниййат деш, шена хезчу озаца Аллóхlу Акбар олуш, ламаз доьхкур ду. Оцу ламазан Бисмилла, Этхьиг, хьала-охьа теIаран Аллóхlу Акбар меллаша, шена хезачу озехь, эр ду. Имамал хьалха ца лелхаш, хьала-охьа таIарехь жимма тIаьхьавуьсуш дийр ду ламаз.

Рузбанан ламазан цхьана ракаІате бен ца кхиахь а, и ламаз къобал хир ду. РакаІате кхиар лору, имам рукуІера хьаланисвалале, ирахь ламаз дихкина, имамана тІаьхьа рукуІе ваха кхиънарг.

Цхьана ракаІате кхиъначо, имамна тІаьхьа рузбанан ламаз Делан дуьхьа дан ниййат дина, ламаз дийр ду; цо салам делча, ша салам ца луш хьалагІаьттина, дисина ракаІат (Бисмилла, хьала-охьа таІар, суждане вахар) кхочуш а дина, юха а Этхьиг дешна, ламаз дерзош салам лур ду.

Рузбанан ламазал хьалха шишша ракаІатца деш шиъ суннат ламаз ду. Ишта рузбанан ламазал тІаьхьа а ду шина ракаІатах долу шиъ суннат ламаз.

## Докъан ламаз

Докъан ламаз дар фарз кифаят ду (цхьаболчара дича, бисинчарна тІерадолуш). Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Веллачу стагана докъа ламаз даллац цуьнан тезетахь Іийначунна боккхачу ломал ял ю. Ткъа и дІаволлалц кешнашкахь Іийначунна шина ломал ял ю».** *Бухари, Муслим.*

## ЖамІатехь докъан ламаз даран кеп

Имамо ламаз дихкинчул тІаьхьа, цунна тІаьхьа хІоьттинчо докъан ламазан ниййат ишта дийр ду: **«Ас ниййат ди, Делан дуьхьа, хІокху веллачунна** (еллачунна) **докъан ламаз дан жамІатца, имамана тІаьхьа хІоьттина»** – аьлла. Нагахь санна белларш дуккха белахь, имама докъан ламаз дечарна докъан ламаз дан ниййат дийр ду. Докъан ламаз, доьазза АллóхІу акбар аларца, ирахь лаьтташ деш ду.

Хьалхара АллóхІу акбар имамал тІаьхьа ламазан ниййат деш олу. Ши куьг белшел лакха доккхуш, цунна тІаьххье меллаша (шена хезачу барамехь) АллóхІу акбар олуш, куьйгаш некха кІел дехкина, ирахь волуш «Бисмилла (Фатихьа)» доьшур ду.

Имама шолгІа АллóхІу акбар аьлча, цунна тІаьххье меллаша АллóхІу акбар олуш, ирахь волуш Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават дуьллур ду: **АллóхІумма солли Іалá Мухьаммадив-ва Іалá áли Мухьаммадив-ва саллим.** «ИбрахІиман салават» диллар дикох лерина а ду: **АллóхІумма солли Іалá**

**Мухьаммадив-ва Iала́ а́ли Мухьаммадин кама́ соллайта Iала́ Ибро́хIи́ма ва Iала́ а́ли Ибро́хIи́ма, ва ба́рик Iала́ Мухьаммадив-ва Iала́ а́ли Мухьаммадин кама́ ба́рокта Iала́ Ибро́хIи́ма, ва Iала́ а́ли Ибро́хIи́ма филь-Iа́лами́на, иннака хьами́думмажи́д.**

Имама кхоалгIа Алло́хIу акбар аьлча, веллачунна доIа дийр ду: **Алло́хIуммагIфир лахIу, вархьамхIу** (Я АллахI, гечдехьа цунна, къинхетам бехьа цунах);

Елларг зуда елахь: **Алло́хIуммагIфир лахIа́, вархьамхIа́** (Я АллахI, гечдехьа цунна, къинхетам бехьа цунах);

Я белларш дуккха белахь: **Алло́хIуммагIфир лахIум, вархьамхIум** (Я АллахI, гечдехьа царна, къинхетам бехьа царах).

Делларг бер делахь: **«Алло́хIуммажIальхIу фаротIон лиабавайхIи ва салафан ва зухрон ва Iизотан ваIтиба́рон ва шафи́Iан ва саккъиль бихIи мава́зи́нахIума́, ва афригIис-собра Iала́ къулу́бихIима́** (Я АллахI, хIара шен дена, нанна а эхартахь бух кечбан хьалхадаьлла хилийтахьа, цаьршинна цунах кхане а ехьа, хьехам, тергам а хилийтахьа, шен дехаран жоп луш волу шапаIатан да а вехьа. Я АллахI, хIара бахьана долуш цаьршиннан диканаш узу терза даздехьа, цаьршиннан дегнаш собарх а дузахьа)**».**

ДоьалгIа Алло́хIу акбар аьлча, хIара доIа дийр ду: **«Алло́хIумма ла́ тахьримна́ ажрохIу ва ла́ тафтинна́ баIдахIу, вагIфирлана́ ва лахIу** (ХIай АллахI, хIокху веллачунна хуьлучу мелах ма дахахьа тхо, цул тIаьхьа вуон ма гайтахьа тхуна, тхуна а, цунна а гечдехьа)**».** ТIаккха, имама салам деллачул тIаьхьа салам лур ду, цул тIаьхьа доIа дийр ду.

ХIоттийнарг – Илесов Iелин Iарби
Рецензенташ – М. Эдихаджиев, С. Магамедов

Исламан деза Iибадат – ламаз
*(ШафиIин мазхIабехь ламаз дан Iамор)*

Гуьмсе 2019

Составитель – Илесов Арби Алиевич
Рецензенты – М. Эдихаджиев, С. Магамедов

Редактор – А.А.Гайтукаев
Верстка –
Дизайн –
Подписано в печать ?????